



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON BILDING SEKIRITE PIBLIK KI KOUTE 10 MILYON DOLA NAN AUBURN

*Bilding dènye kri, 29,600 pye kare a pral loje Depatman Ensandi Vil Auburn ak  
Sant Operasyon Ijans Konte Cayuga*

*Transfòme ansyen sant komèsyal lineyè a nan kè sant vil la pou tounen bilding  
sekirite piblik pataje*

*Inisyativ pou Revitalizasyon Sant Vil la finanse pwojè katalizè kle pou revitalize  
Auburn*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvman yon pwojè 10 milyon dola pou yon nouvo bilding sekirite piblik pataje nan Auburn. Finanse an pati atravè [Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil 10 milyon dola](#) vil la an 2018, bilding dènye kri, 29,600 pye kare a pral loje Depatman Ensandi Vil Auburn ak Sant Operasyon Ijans Konte Cayuga nan yon espas pataje ki bay entèvnan dijans yo komodite modèn ak ekipman nan kè sant vil Auburn.

"Atravè New York, n ap envesti nan kominate nou yo pou asire yo gen sant vil dinamik ki sèvi bezwen rezidan ak vizitè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo bilding piblik sekirite pataje Auburn la se yon bagay gayan-gayan pou tout moun piske entèvnan dijans lokal yo kounye a byen sitiye nan yon enstalasyon nouvo, modèn nan kè sant vil revitalize a. Sa a ankò se yon lòt bèle egzamp sou fason Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil nou an bay aksè ak siksè nan tout Eta New York la."

Pwojè a te resevwa 2 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon Kominote Entèlijan pou Klima nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak 1.2 milyon dola nan Depatman Eta nan Eta New York nan kad DRI (Downtown Revitalization Initiative, DRI) a. Pwojè a te enkli renovasyon konplè yon sant komèsyal lineyè iben vid 17,800 pye kare ak ajoute yon nouvo bèle aparèy 11,800 pye kare ki fèk konstwi pou loje aparèy Depatman Ensandi Vil la, ekipman sekirite, fòmasyon ak founiti medikal ak zòn dekontaminasyon modèn pou ponpye yo.

Vil ak Konte a gen yon rezolisyon konjwent pou sipò Sant Operasyon Ijans Konte (Emergency Operations Center, EOC) a k ap opere apati nouvo Kazèn Ponpye

a. Nouvo EOC modèn lan pral sèvi yon salklas sekirite publik pou polis ak ajans jesyon ijans vil ak konte a chak jou. EOC a kapab aktive pou reponn ak katastwòf oswa ijans sante publik yo.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Deta Eta New York, te deklare**, "Pwojè sa se egzanp pafè sou fason Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap sèvi kòm yon katalizè pou transfòmasyon katye nou yo. Bilding sekirite publik sa a demonstre kijan transfòme yon espas ki te vid, ki pa byen itilize nan kè sant vil Auburn kapab revigore yon kominate nan bay yon lokal modèn, konvenab pou entèvenan dijans vil ak konte a yo".

**Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare**, "Pwogram Sibvansyon Kominote Entèlijan pou Klima Eta New York la bay gouvènman lokal yo sipò teknik ak resous yo bezwen pou kapab pran mezi lokal pou adapte ak reyalite difisil chanzman klimatik yo. DEC fyè dèské li te travay avèk Vil Auburn ak Konte Cayuga, ansam ak patnè New York nou yo nan Depatman Eta ak Empire State Development ak lòt yo pou ede livre pwojè preparasyon ijans enpòtan sa a bay kominate sa a".

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare**, "Sant vil Eta New York yo ap reprann lavi gras an pati ak sipò envestisman estratejik ak sible Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la bay. Nouvo sant sa a, yon sant komèsyal lineyè ki te vid otrefwa, kounye se yon sant sekirite publik dènye kri, ki bay premye entèvenan esansyèl Auburn yo tout sa yo bezwen pou fè travay yo ankò pi efikas".

**Senatè John W. Mannion, te deklare**, "Nouvo Bilding Sekirite Publik Vil Auburn la se yon triyonf planifikasyon eta ak lokal la. Nouvo kay pou Estasyon Depatman Ensandi #1 Auburn lan sipòtè efò reyamenajman sant vil la epi bay pèsonèl ijans lan teknoloji ak enstalasyon yo bezwen pou fè travay la. Chak rezidan Auburn ak Konte Cayuga pral benefisyé modènizasyon sa a epi mwen eksprime apresyasyon mwen bay Gouvènè Hochul pou soutyen enkondisyonèl li pou pwojè sa a".

**Manm Asanble John Lemondes te deklare**, "Mwen kontan Eta New York rekonèt nesesite New York Santral epi enwesti nan li yon fason apwopriye. Popilasyon Konte Cayuga a merite pi bon sa gouvènman nou an gen pou ofri, epi envestisman sa a pral kontribiye nan bay yon avni ki pi sekirité pou tout moun nan Vil Auburn ak Konte Cayuga".

**Majistra Vil Auburn lan, Michael D. Quill te deklare**, "Pwojè sa a te ankou pandan anpil ane, epi sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la te pèmèt nou rive reyalize li. Avèk pwojè sa a, nou te deloje kazèn ponpye prensipal nou, enwesti nan sistèm jesyon ijans amelyore ak revitalize yon katye nan limit nò sant vil nou an. Nou remèsyse Gouvènè Hochul pou tout sipò li nan Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pandan ane ki pase yo ak pou asire devlopman ekonomik pou vil nan nò eta a yo tankou Auburn twouve li an premye nan lis priyorite li".

Auburn te [nonmen yon gayan 3yèm faz DRI a](#) an jiyè 2018. Auburn se dezyèm pi gwo vil nan reyon New York Santral la. Envestisman prive ak piblik ki resan, efo planifikasyon lokal, ak pwojè enfrastrikti kapital yo te katalize reyamenajman sant vil la. Plan Envestisman Estratejik Auburn ap kanalize pwojè yo pou yo rete nan liy vizyon kominote a gen pou sant vil li ak pou l pwofite epi etann sou eta a envestisman 10 milyon dola a. Zòn envestisman DRI a konsantre sou tout longè bòdmè Vil la, koulwa transpò ak distri boza yo, ki ofri pi gwo potansyèl revitalizasyon pwopriyete ki vid yo ak amelyorasyon koulwa yo. Vil la ap chèche kenbe elan devlòpman resan an pandan l ap repare yon sant vil istorik ki te andomaje gras ak renouvèlman epi revitalizasyon rès byen endistriyèl yo ak pwopriyete nan bòdmè a ki vid yo. Pou rantabilize fon DRI yo, lidèchip Vil la te adopte yon kanpay "#This Place Matters" (Kote sa Konte) pou atenn 40 milyon dola nan fon piblik ak prive pou investi nan sant vil la.

### **Akselere CNY Rising**

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global reyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djamn ansam ak devlòpman kominote a. Plan ki fèt sou plan reyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, reyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envètsisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Reyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan reyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 novo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

[Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon sant vil yo ak katye yo pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman nan tout dis reyon eta a. Inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovan e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansam ak yon mizannèv imeda.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redvelopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Developman Ekonomik Reyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde 10 milyon dola pou chak kominote pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anba lavil yo a epi reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizyon avanse.

Se Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

### **Konsènan Pwogram Sibvansyon Kominote Entèlijan pou Klima (CSC)**

Pwogram Sibvansyon Kominote Entèlijan pou Klima (CSC) a te etabli an 2016 pou bay sibvansyon korespondans 50/50 pou vil, lokalite, vilaj ak konte Eta New York yo ak minisipalite Vil New York yo pou rediksyon, adaptasyon ak planifikasyon ak pwojè evalyasyon sou chanjman klimatik elijib yo. Fon yo disponib pou de gwo kategori pwojè - aplikasyon ak sètifikasyon. Premye kategori pwojè a sipòte aplikasyon pwojè yo ki gen rapò ak rediksyon emisyon gaz a efè sè andeyò sektè elektrik (transpò, metàn ak refrijeran) epi adaptasyon chanjman klimatik (egz., redui risk inondasyon, ogmante rezistans natirèl, chofaj ekstrèm oswa preparasyon pou evènman, delojman oswa renovasyon enfrastrikti esansyèl ak amelyorasyon preparasyon pou ijans). Dezyèm kategori pwojè a sipòte pwojè planifikasyon ak evalyasyon ki alien avèk sètifikasyon Kominote Entèlijan pou Klima.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)